

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data, ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti pedaran ieu di handap.

1) Unsur-unsur intrinsik tina wawacan “Sajarah Cikundul” jeung carpon carita pondok “Putri Jin” jeung carita pondok “Apun Gencay”.

(1) Wawacan “Sajarah Cikundul”

Anu jadi téma tina wawacan “Sajarah Cikundul” nya éta sajarah. Puseur sawangan anu digunakeun dina ieu karangan nya éta caturan jalma katilu, atawa *third-person narrative*. Palaku utama dina ieu wawacan nya éta: Raden Arya Wangsagoparana, Raden Arya Wira Tanu-Datar atawa Dalem Cikundul, Raden Arya Witanudatar II atau Dalem Tarikolot, jeung Raden Arya Wiratanudatar III atawa Dalem Dicondré. Palaku kaduana nya éta, Putri Jin Indang Sukesih, Dalem Cikondang, Dalem Arya Kidul atawa Raden Arya Natamanggala, Apun Gencay, Mas Pura, jeung 58 palaku tambahan laina. Galur caritana galur leunjeuran jeung galur simpay. Latar anu kapanggih nya éta latar tempat anu ngawengku: pileuweugan, pucuk batu agung, hareupeun leuweung guha, Nangkabeurit, Sagalahérang, alam kajinan, batu démprak Gunung Cadas, sisi Citarum, jeung Cijagang. Sarta latar waktu anu ngawengku: tunggang gunung, malem jumaah pukul tujuh, jeung isuk-isuk.

(2) Carita Pondok “Putri Jin”

Téma tina Carita Pondok Putri Jin nya éta martabat kamanusaan. Puseur sawangan anu digunakeun ku pangarang nya éta puseur sawangan jalma katilu. Palaku utama dina ieu carita nya éta Wiratanu Datar I jeung Endang Kusumah (Putri Jin). Anapon Palaku tambahanna nya éta Radén Aria Wangsagoparana, Sunan Ciburang, Sunan Wanapiri, Sunan Parunggangsana, Prabu Pucuk Umum, Prabu Mundingsari Leutik, Prabu Siliwangi, Prabu Anggalarang, Batara Wijaya, Prabu Sanggawijaya, Prabu Sanggawidana, Prabu Ciung Wanara, Radén Ajeng Endang Kancana, Aria Suryakancana. Galur anu digunakeun dina ieu carita nya

éta galur simpay. Latar anu kapaluruh ngawengku latar tempat jeung latar waktu. Latar tempat dina CPPJ ngawengku: pileuweugan, pucuk batu agung, hareupeun leuweung guha, Nangkabeurit, Sagalahérang, alam kajinan, batu démprak Gunung Cadas, sisi Citarum, jeung Cijagang. Latar waktu anu kapaluruh dina CPPJ ngawengku soré jeung wanci sariak layung.

(3) Carita Pondok “Apun Gencay”

Téma tina ieu carita pondok nya éta duriat Apun Gencay. Puseur sawangan anu digunakeun ku pangarang nya éta puseur sawangan jalma katilu. Palaku utamana nya éta Apun Gencay kalayan palaku tambahan anu ngawengku: Wiratanudatar, Indung Rompés, Jajaka Urang Cipamingkis, Radén Ayu Batuwangi, jeung Mas Pura. Galur carita ngagunakeun galur leunjeuran. Latar tempat anu kapaluruh ngawengku: pasir, padaleman, pungkur, pamengkang, pajuaran, handapeun tangkal juar di tetelar, tampian, Cikembar, tangkal asem sisi alun-alun, Cipamingkis, jeung huma. Latar waktu anu kapaluruh ngawengku wanci bray-brayan, subuh, pasosoré, wengi, tengah wengi, wanci haneut moyan, malem jumaah, isuk-isuk, janari, jeung peuting.

2) Prosés transformasi “Sajarah Cikundul”, tina wawacan kana carita pondok.

Salah sahiji anu matak kataji tina panalungtikan ieu nya transformasi tina dua wangun jeung warna anu béda. Ditilik dumasar kana gunggunan wujudna, wawacan “Sajarah Cikundul” mangrupa karya sastra wangun ugeran (puisi), sedengkeun Carita Pondok “Putri Jin” jeung “Apun Gencay” mangrupa karya sastra wangun lancar (prosa). Ditilik dumasar kana waktu, wawacan “Sajarah Cikundul” mangrupa karya sastra warna heubeul, sedengkeun Carita Pondok “Putri jin” jeung “Apun Gencay” mangrupa karya sastra warna anyar. Hal séjén anu matak kataji tina ieu panalungtikan nya éta prosés transformasi anu nyangkaruk dina ieu karya sastra.

Carita anu mimitina mangrupa wawacan tuluy ditransformasikeun kana wangun carita pondok ngalaman sawatara prosés transformasi. Anapon analisis intertékstual anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téori Riffaterre dina

Pudentia (1992, kc.72) anu ngawengku ekspansi, konversi, modifikasi, jeung ekserp.

Tina opat téori hipogram, kapaluruh yén prosés transformasi tina hipogram anu panglobana kapanggih nya éta ékspansi. Ékspansi dina ieu panalungtikan henteu ngan saukur mekar jeung ngalegaan. Tapi ogé aya sawatara unsur anyar anu mimitina teu kapanggih dina hipogram, tapi dina téks transformasina ditambahkeun patali jeung pamedih wangun, warna, jeung zaman.

Prosés ékspansi katitén tina téma anu ngalegaan sarta nambahan. Dina WSC téma utamana nya éta sajarah. Dina CPPJ téma sajarah éta mekar kana sawatara sub téma anu ngawengku kasajatian hirup, martabat kamanusaan, kaweningan ati, sarta karakter calon pamingpin. Pon kitu deui dina CPAG, téma carita ngarunday kana sub téma anu leuwih lega kayaning kasatiaan, duriat hiji wanoja, amarah durjana, jeung étika.

Téma anu ngalegaan sarta ngésér ngabalukarkeun ayana transformasi dina tataran palaku jeung Latar. Dina wengkuan palaku kapanggih dua prosés transformasi tina hipogramna. Anu kahiji prosés ékspansi dina CPPJ, jeung anu kaduana nya éta prosés konvérsi dina CPAG.

Dina WSC, Putri jin ngan ukur salaku palaku tambahan atawa panglengkep anu ngan tilu kali dicaritakeun. Anu kahiji, ngadatangan Radén Arya nalika keur tapa. Anu kaduana nalika geus boga budak, sarta budakna nalaktak antukna badami pikeun nyingkirkeun éta budak. Anu pamungkas, nalika Radén Arya mimiti teu betah di alam jin sarta hayang balik ka alam manusa. dina CPPJ, Putri jin mangrupa palaku kadua anu marengan Radén Arya nepi ka pungkasan carita. Leuwih ti éta, Putri jin lain ngan saukur indungna barudak. Tapi Putri Jin mangrupa guru anu ngajarkeun rupaning ajén-ajén kahirupan, kasajatian diri, jeung kaweningan ati. Putri jin ogé mangrupa batur sawala dina nalika ngungkulan rupaning pasualan.

Dina WSC, Apun Gencay ngan ukur dicaritakeun sakali. Nalika barang datang ti Cikembar ka Pamoyanan. Tapi dina CPAG, aya prosés konversi kana palaku Apun Gencay. Apun Gencay lain deui palaku tambahan, tapi minangka

palaku utama. Apun Gencay anu boga carita, anu ngalalakon ti mimiti nepi ka pamungkas.

Prosés ékspansi ogé kapanggih dina wengkuan latar. Boh éta latar tempat, boh éta latar waktu. Aya latar tempat anu teu kapanggih dina hipogramna, tapi dina téks transformasina nyampak. Saperti tempat-tempat di padaleman tempat Apun Gencay jeung Dalem saling moho mikasono, jeung tempat dalem puput ajal.

- 3) Ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina wawacan “Sajarah Cikundul”, carita pondok “Putri Jin” jeung carita pondok “Apun Gencay”.

Analisis étnopédagogik ieu nyindekel kana bag-bagan Catur Diri Insan anu ngawengku: (1) Pengkuh Agamana, (2) Luhung Élmuna, (3) Jembar Budayana (4) Rancagé Gawéna.

- (1) Pengkuh Agamana;

Moral manusa ka Pangéran dilakukeun ku para palaku dina ieu carita nya éta suhud jeung getén. Carana ku ngalampahkeun sagala hal, ti mimiti tapa, neuleuman élmu agama, puasa, jeung kagiatan kaagamaan séjénna. Lian ti éta ogé maranéhna percaya kana takdir nu maha kawasa.

- (2) Luhung Élmuna

Moral manusa ka alam bisa dicindekeun yén Kahirupan di alam dunya téh teu lana. Ieu pisan nu ngalantarankeun Arya Wangsagoparana nu milih ngagem Islam tinimbang agama Karuhunna. Éta mangrupa salah sahiji kasadaran manéhna kana waktu anu geus dipasinkeun ku pangéran. Lian ti éta aya ogé kasadaran manéhna kana rasa cinta, deudeuh, jeung kapangkatan anu geus sakuduna ku manéhna di pilampah enggoning nyumponan pangabutuh hirupna.

Moral manusa ka alam bisa dicindekkeun ku ayana alam lahir jeung alam batin, alam nyata jeung alam goib. Hal ieu pisan nu ngalantarankeun manusa kudu bisa silih hargaan. Mun seug manusa ngahargaan alam, alam gé moal ngalantarankeun hal anu matak pikuciwaeun, moal nyababkeun ayana bancang pakéwuh.

(3) Jembar Budayana

Moral manusa jeung manusa satemenna di témbongkeun ku ayana sikep silih asah, silih asih, jeung silih asuh. Hal ieu nu bisa ngalantarankeun ayana sikep silih hargaan jeung papada manusa. Rasa ieu pisan nu nepi ka kiwari karandapan ku manusa dina enggoning nyumponan pangabutuh hirupna. Ku ayana rasa silih hargaan bakal ngabalukarkeun katingtriman nu tan wates wangen.

(4) Rancagé Gawéna

Moral manusa dina enggoning nyumponan kasugemaan lahir jeung batin, diantaranya aya sawatara tabéat dina diri manusana sorangan, diantaranya nya éta: karaharjaan, kasugemaan, kawalayaan hirup, jeung kasajatian diri. Loba hal-hal anu dipilampah, enggoning nyumponan kasugemaan éta. Dina carita di luhur ka gambar ti mimiti ngayakeun tapa, nyantri, ngajalankeun solat jeung puasa, sarta ngababakan pikeun meunangkeun kaharharjaan hirup anu samistina.

5.2 Saran

Aya sawatara hal anu can kapaluruh dina ieu panalungtikeun. Ku lantaran kitu, pikeun saha waé anu kataji ku ieu panalungtikan disarankeun maluruh hal-hal ieu di handap.

- 1) Transformasi Wawacan “Sajarah Cikundul” kana Carita Pondok “Apun Gencay” kalayan ngagunakeun kritik sastra Feminisme.
- 2) Transformasi Wawacan “Sajarah Cikundul” kana Carita Pondok “Putri Jin” kalayan ngagunakeun kritik sastra Feminisme.
- 3) Pikeun ahli sastra, ulikan struktural, intertékstual, jeung etnopedagogi dina wawacan jeung carpon ieu leubeut pisan ku ajén-ajén atikan pikeun nambahan pangaweruh. Ku kituna, diperlukeun daya tapsir anu kuat pikeun nyangkem ma’na-ma’na anu dikandungna. Tapi tinangtu ieu ulikan téh masih héngkér, perlu ayana lajuning laku panalungtikan saterusna sangkan leuwih jembar.
- 4) Pikeun guru, sangkan leuwih ngajembaran kualitas éta pangaweruh, boh téorina boh aprésiasina;

- 5) Pikeun mahasiswa, panalungtikan ngeunaan struktural, intertékstual, jeung etnopedagogi ieu teu dipatalikeun sacara langsung jeung widang pangajaran. Ku kituna, perlu ayana lajuning laku kualitas panalungtikan saterusna.